Пролетарэу дунейпсом тетхэ, фызэгухьэхэ!

ЧЕРКЕС

ПЛЪЫЖЬ

ВКП(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм и депутатхэм я Облсоветым, горкомым я органищ

№ 110 (2337) | Щэбэт, сентябрым и 23-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

ВЕРХОВНЭ ГЛАВНОКОМАНДУЮЩЭМ И ПРИКАЗ

Советскэ Союзым и Маршал ГОВОРОВЫМ

Ленинградскэ фронтым и дзэхэм псынщIу ирагъэкIуэкIа наступлениехэм къыхэкIкIэ, нобэ, сентябрым и 22-м, зауэкIэ къащтащ Эстонскэ ССР-м и столицэ город **Таллин (Ревель)**—Балтийскэ тенджызыгъэ деж военнэ-морской увыIэпIэшхуэу икIи мыхьэнэшхуэ зиIэу щытыр.

Таллин городыр къэщтэныгъэмкIэ екIуэкIа зауэхэм деж нэхъ щапхъэфIхэр къагъэлъэгъуащ генерал-лейтенант **Стариков**, генерал-лейтенант **Федюнинск**, генерал-майор **Трубачев**, генерал-лейтенант **Пэрн** и эстонскэ корпусым, генерал-лейтечант **Симоняк**, генерал-майор **Ястребов**, полковник **Зиновьев** сымэ я дзэхэм; артиллериям и генерал-лейтенант **Одинцов**, артиллериям и генерал-майор **Почиталин**, артиллериям и генерал-майор **Казаков**, артиллериям и генерал-майор **Кознов**, полковник **Петров**, полковник **Ару**, полковник **Толкушев**, полковник **Скоробогатов**, полковник **Альферов**, подполковник **Шуляев**, подполковник **Хрущ**, подполковник **Попов** сымэ я артиллеристхэм; танкыдзэхэм я генерал-лейтенант **Баранов**, танкыдзэхэм я генерал-лейтенант **Зазимко**, полковник **Кавалевский**, подполковник **Саенков**, подполковник **Карташев**, майор **Черных**, майор **Кузнецов**, подполковник **Грицев**, подполковник **Кузин**, подполковник **Куслаку**, подполковник **Чесноков** сымэ я танкистхэм; авиациям и генерал-лейтенант **Рыбальченко**, авиациям и генерал-лейтенант **Самохин**, авиациям и генерал-майор **Андреев**, авиациям и генерал-майор **Антонов**, полковник **Матвеев**, полковник **Хотминский**, полковник **Гриськов**, полковник **Курочкин**, полковник **Монжосов**, полковник **Челноков**, полковник **Механников** сымэ я летчикхэм; инженерыдзэхэм я генерал-лейтенант **Бычевский**, полковник **Акатов**, подполковник **Афанасьев**, майор **Чарцов**, майор **Фоменко**, майор **Воронов** сымэ я саперхэм; связыдзэхэм я генерал-лейтенант **Ковалев**, полковник **Мужев** сымэ я связистхэм.

Къэлъэща хъуа текIуэныгъэхэр гъэлъэпIэным щхьэкIэ, город **Таллин** къэщтэныгъэмкIэ нэхъ щапхъэфI къэзыгъэлъэгъуа соединениехэмрэ частхэмрэ **„Таллинскэхэщ"** жэуэ цIэхэр фIащыну икIи орденхэр наградуну иратынхэу гъэувын.

Нобэ, сентябрым и 22-м, сыхьэт 23 дакъикъэ 30-м деж ди Родинэм и столицэ **Москва** Родинэм и цIэкIэ салют яретыр Советскэ Эстониям и столицэ **Таллин** къэзыщтахэу, Ленинградскэ фронтым и дзэ лIыхъужьхэмрэ, генерал-лейтенант **Пэрн** зи командир эстонскэ корпусымрэ,— топ щищрэ тIощIрэ плIырэр тIощIрэ плIырэкIэ зэдэуэхэкIэрэ.

Зауэм фIагъыр хэлъу зэрырагъэкIуэкIам щхьэкIэ, Фэ фIощIэлъ дзэхэу, **Таллин** хуит къэщIыжыныгъэ зауэм хэтахэм, псоми **фIыцIэ яхузощIыр**.

МыкIуэдыжыну щытхъу ди Родинэм и хуитыныгъэмрэ икIи ар зыми емыпхауэ щытыныгъэмрэ щIэзэуухэкIэрэ зи гъащIэр зыта лIыхъужьхэм!

ИрелIэ немецкэ зэрыпхъуакIуэхэр!

Верховнэ Главнокомандующэ Советскэ Союзым и Маршал
И. СТАЛИН.

Сентябрым и 22-м 1944 гъэм.

СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

Сентябрым и 21-м и оперативнэ сводкэ

Сентябрым и 21-р екIуэкIыхукIэ ТАЛЛИНСКЭ направлением деж ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым и дзэхэм, наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ город икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ станц РАКВЕРЕ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ нэгъуэщ къуажэ 300-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэщхуэхэр АЗЕРИ, КАБАЛЕ, КАДРИНА, КАУКСИ, РАДНА, ЛАЭКВЭРЕ, РОКУ, СИМУНА, ВЯЙКЭ-МАРЬЯ, РАККЕ, ПИККНУРМЕ, гъущIгъуэгу станцхэу АЗЕРИ, ВАЭКЮЛА, РАККЕ. Дзэхэу, НАРВА, городым и къухьэпIэ-лъэныкъуэмкIэ наступать зыщIэхэм, къанэ щымыIэу бийм къыэщIагъэкIыжащ ЧУДСКЭ гуэлымрэ ФИНСКЭ заливымрэ я кум дэлъ перешейкэр икIи ЧУДСКЭ гуэлым и къухьэпIэ псыуфэм Iутхэу наступать зыщI дзэхэм яхыхьажахэщ.

Город ВАЛГА и ищхъэрэ-къухьэпIэуэкIэ икIи и къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм зауэкIэ къащтахэщ къуажэ заул.

Город ИЕЛГАВА (МИТАВА) и къухьэпIэ IуэкIэ ди дзэхэм зыхэпыратъэгъэзахэщ бийм пехотэ къаруушхуэрэ танкрэ зэщIэту атакэ къигъакIуэхэм.

Город КРОСНО и ищIаIуэкIэ икIи и ищIэкъуэкIыпIаIуэкIэ ди дзэхэм къащтащ къуажэхэу ТЕОДОРУВКА, ДУКЛЯ, ЯСЕНКА, ШКЛЯРЫ, ДАРУВ, МОЩАНЕЦ, ЩАВНЕ, НОВОСЮЛКИ.

Румыниям и къухьэпIэ лъэныкъуэм деж ди дзэхэм, румынскэ дзэхэрикI зауэу ягъусэу, зауэкIэ къащтахэщ къуажи 100-м щIигъу, абыхэм ящыщщ город икIи гъущIгъуэгу станц ЛИПОВА, къуажэшхэухэу ИНЕУ ШИКУЛА, СЕЛЕУШ, ПЫНКОТА, ШИРЛА, ШАНДОРФ, ВИНГА, КАЛАЧА, БЕЧИКЕРЕКУЛ, гъущIгъуэгу станцхэу ИНЕУ, МОКРЯ, ТАРНОВА, ПЫНКОТА, ШИРЛА, ЧИЧИР, ВИНГА, КОКОТА, МАРУЦИ, ШОАРЕ, БЕШЕНОВА-НОУА, ТЕМЕСКЕНЕ, ХОДОНЬ.

Фронтым и адрэй участкэхэм—разведчикхэр мэплъакIуэхэр.

Сентябрым и 20-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэкъуэтахэщ немецкэ танк 47. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 11.

* * *

Ди авиацияр Дебрецен Чэпрэ хуабжьу теузныгъэмкIэ

Сентябрым и 21-м и жэщым ди жыжьэ лъатэ авиацияр хуабжьу теуащ город икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ Дебрецен (Венгриям деж), город икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ Чоп (город Ужгород километрэ 25-кIэ и ищэщ).

Советскэ самолетхэр Дебрецен и гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм, городым и центрыпэ, восточнэ частхэм щыIэ военнэ объектхэм бомбэкIэ еуахэщ. БомбэкIэ зэреуам къыхэкIкIэ, нафIэс куэд къэхъуащ, абыхэм ящыщу 10-р нэхъ ин дыду. Гъущ1г уэгу зэхыхьэпIэм деж воинскэ составищ, горючэ, боеприпас щIэлъу складхэр зэхакъутахэщ. Къэуэжышхуэ къэхъуащ военнэ складхэм и щIым деж, а къуэуам и нафIэ бзийхэр метрэ 1000-кIэ дырихуеящ.

Чоп гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм деж бомбэкIэ, зэрытеуам къыхэкIкIэ, нафIэс къэхъуащ. Вагонхэмрэ платформхэмрэ сахэщ. НафIэс къэхъуахэм къуэжышхуэ ящIэтахэщ, абыхэм ящыщу 3-р нэхъ ин дыду гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэм и ищхъэрэ-къухьэпIэIуэ частым деж къыщыхъуащ.

Сентябрым и 22-м и оперативнэ сводкэ

ЛЕНИНГРАДСКЭ фронтым и дзэхэм псынщIу ирагъэкIуэкIа наступлениехэм къыхэкIкIэ сентябрым и 22 м зауэкIэ къащтащ Эстонскэ ССР-м и столицэ город ТАЛЛИН (РЕВЕЛЬ)—Балтийскэ тенджызым деж военнэ морской увыIэпIэшхуэу икIи мыхьэнэшхуэ зиIу щытыр, абы хуэдэ къабзу къащтахэщ нэгъуэщI къуажэ 800 м щIигъу, абыхэм ящыщщ город икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ ТАПА, город ПАЙДЕ, город ПИЛЬТСАМА, къуажэшхуэхэу КУНДА, ХЕЛЬЯЛА, КУСАЛУ, КАБЕРЛА, КЕХРА, ЛЭТСЕ. ЯРВА-МАДИСЕ, ЯРВАЯНИ, ПОТРИ, КОЙГИ, ЯРАВЕРЕ, РЯСНА, ВИТСЯРВЕ, гъущIгъуэгу станцхэу КИЛТСЫ, СТАМСАЛУ, НЫМКЮЛА, ЯНЕДА, АЭГВИДУ, МУСТОЙОС, КЕХРА.

Город ВАЛГА и ищхъэрэ-къухьэпIаIуэкIэ икIи и къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэм зауэкIэ къащтащ къуажэ 60-м щIигъу абыхэм ящыщхэщ РАНДА, РАЙДАЯ, АЛА, КУРЕ, ШАЛДЕРИ, ДАКСТЫ, ТУРНА, гъущIгъуэгу станцу ОМУЛА.

Город САНОК и ищIэ-къуэкIыпIаIуэкIэ ди дзэхэм псынщIу зауэ ирагъэкIуэкIахэм къыхэкIкIэ, къащтахэщ къуажэ 30 м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ЖЕРНИЦА, ВОЛКОВЫЯ, БУКОВЕЦ, ТЕРКА, РАЙСКЕ, СОКОЛЕ, ТЕЛЕСНИЦА, ОШВАРОВА, ПОЛЯНА, ЧАРНА, ГАЛЮВКА, МШАНЕЦ, ПЛОСКОЕ.

Румыниям и къухьэпIэ лъэныкъуэм деж ди дзэхэм, румынскэ дзэхэрикI зауэу ядэщIыгъуэу, къащтащ город икIи гъущIгъуэгу зэхыхьэпIэ ин АРАД, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтахэщ къуажэ 50-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ШЕПРЕУШ, ПЭДУРЕНЬ, СФЫНТА-АНА, ГАЙ, АРАДУЛ-НОУ, ФЕЛНАК, МАЙЛАТ, ТЕМЕСКЕНЕ, гъущIгъуэгу станцхэу НЭДАБ, ШИМАНДУЛ, СФЫНТА-АНА, КЕРЕМИДЕРЛА, ГЛОГОВЕЦ, АРАДУЛ-НОУ, ЗАДЕРЛАК, ШЕЛНАК.

Фронтым и адрэй участкэхэм—разведчикхэр мэплъакIуэхэр икIи щIыпIэ гуэрхэмкI щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ шокIуэкIыр.

Сентябрым и 21-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронт псом дежи зэкакъутахэщ немецкэ танк 62. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 12.

* * *

Ди авиацияр Таллин (Ревель) портым тета немецкэ транспортхэм теузныгъэмкIэ

Сентябрым и 21-м и пщыхьэщхьэмрэ сентябрым и 22-м и жэщымрэ Краснознаменнэ Балтийскэ флотым и авиацие жыжьэу лъатэр теуащ Таллин (Ревель) портым тета немецкэ транспортхэм. Момент щытеуам щыгъуэ, портым немецкэ транспортхэм дзэхэр ярысу теташ.

Бомбэхэр занщIу зэрытырагъэхуахэм къыхэкIкIэ, немецкэ транспорт инищрэ бийм и зыплъыхьакIуэ къухьэрэ щIырагъэлъэфахэщ. Абы къинэмыщIу, портым IукIыж зы транспорт гуэрым нафIэс къыщыхъуащ, атIанэ къаруушхуэ щIэту къэуэжышхуэ къэхъуащ. Немецкэ транспортищым, тральщикым, къинэмыщI бийм и къухьэхэм зэраныгъэшхуэ ирахахэщ.

Регентскэ советым и члену щыта—Филов, князь Кирилл, генерал-лейтенант Михов, абхуэдэ къабзу Болгариям щыIа германскэ миссиямрэ „Муссолини и миссиямрэ" я представительхэр ягъэтIысыныгъэр

Болгариям щыIэ Советскэ командованием нубыдахэщ: 1. **Филов Б.**, 2. князь **Кирилл**, 3. генерал-лейтенант **Михов Н.**, 4. Болгариям и премьер-министру щыта **Божилов Д.**, 5. министру щыта **Васильев.**, 6. Германиям и лIыкIуэу Болгариям щыIэу щыта **Беккерле А. Г.**, 7. Германскэ лIыкIуэм и заместитель **Моржан А.**, 8. германскэ атташем и помощник фон **Гюльзен В. Б.**, 9. германскэ миссиям и атташе **Перцген Г.В.**, 10. германскэ миссиям и атташе **Виттер П.**, 11. „Муссолини и миссиям" и генеральный консул **Симон К.**, 12. а „миссиям" и атташе **Долюр К.**, 13. а „миссиям" и атташем и помощник **Грацци Г.**

КОЛХОЗХЭТХЭМ Я ЩХЬЭ ІУЭХУМРЭ ПСОМИ ЯХУЗЭХУЭДЭ ІУЭХУМРЭ ЗЭДАХЬЫНЫГЪЭР

Зауэм и кІуэцІкІэ нахуэ къэхъуащ колхоз псэукІэр зэрыпсэукІэ быдэр. Мы гъэм колхозхэм гъатхэ вэн-сэнымрэ лэжьыгъэ бэв щІэбэныныгъэмрэкІэ къалъэща ехъулІэныгъэхэм иджырикІ зэ къагъэлъэгъуащ колхоз псэукІэм зэришэчыфар зауэм и гугъуехь псорикІ.

Колхозхэм заубгъунымкІэ зи нэхъышхьэ щымыІэжу икІи нэхъ формэ тэмаму щытыр сельскохозяйственнэ артелыращ. Ар сельскохозяйствэр зегъэкІуэныгъэмкІэ социалистическэ формэщ Артелым деж щыІэкъым къызэралэжь Іэмэсыпмэхэр езыхэм я щхьэзакъуэм бгъэдэлъу. Зэрылажьэ псорикІ псоми яхузэхуэду зэхалъхьащ икІи ар зейр колхозыращ. ЩІыгур зыбгъэдэлъыр государствэращ, ауэ ар советскэ властым и законхэмкІэ гъащІэкІэ колхозхэм ирапхащ икІи пщІэнщІу къагъэсэбэпыну хуитхэщ.

Артелым и щытыкІэр къигъэлъагъуэкІэрэ товарищ Сталин мыбхуэду жиІащ: „а) артелым колхозхэтхэм и щхьэзакъуэ унагъуэ кІуэцІ Іуэхур абыхэм яхузэхуэдэ Іуэхум хуагъэдэн хуейхэщ, б) артелым къекІуу зэрегъэкІур щхьэзакъуэ, унагъуэ кІуэцІ Іуэхухэмрэ псоми яхузэхуэдэ Іуэхухэмрэ, абыкІэрэ игъэпсынщІу дыгъуасэ щхьэзакъуэ унагъуэу щытахэр зэхэту лажьэу цІа хъуныгъэмкІэ".

ИщытыкІэмкІэ, сельскохозяйственнэ артелым и кІуэцІкІэ псоми яхузэхуэдэ Іуэхумрэ колхозхэтхэм я щхьэзакъуэ Іуэхумрэ я кум зэмызэгъыныгъэ дэлъын хуейкъым. НэгъуэщІ псалъэкІэ жытІэнщи артелым и хозяйствэм зыкъегъэІэтыныгъэр зыкІи зэран хуэхъукъым езы колхоз хэтхэм я псэукІэр ирагъэфІэкІуэныгъэм. Ар щыгъэтыжауэ, псоми яхузэхуэдэ хозяйствэр терэзу зехьамэ, колхозым и псэукІэр нэхъ йофІакІуэр, нэхъ бей мэхъур икІи зажит чнэ культурнэ псэукІэм колхозхэтхэр хуешэхэр.

Псоми яхузэхуэдэ хозяйствэм хэхъуу, зиубгъуу икІи нэхъри бей хъууэ щытмэ, абы щыгъуэм артелым и членхэрикІ нэхъыфІу псэу хъунущ, колхоз бын-унагъуэр ефІэкІуэнущ. Дэтхэнэ колхозхэтмикІ трудодень къэсыхункІэ нэхъыбэ къырату хъунущ. Абы щхьэкІэ колхозхэтхэм дежкІэ нэхъ къаланыщхьэу щытщ социалистическэ собственностыр яхъумэныгъэр, ягъэбыдэныгъэр, нэхърикІ абы зырагъэубгъуныгъэр, лэжьыгъэ зытырасэ щІыгухэр нэхъыбэ ящІыну икІи лэжьыгъэ бэв къалэща хъуныгъэм щэбэнынхэу, колхоз фермэхэм деж колхоз Іэщхэм хагъэхъуэну икІи абы файдэуэ къыпыкІыр нэхъыбэ ящІыну. Мис аращ дэтхэнэ зы артельмикІ абы и дэтхэнэ зы членмикІ колхоз псэукІэм и сталинскэ Уставым къалэну хуигъэувыр.

Уставым и пкъ иткІэ дэтхэнэ колхозмикІ государствэ обязательствэхэр ягъэзэщІа пэужь файдэ къырагъэщІа ахъшэхэмкІэ хагъэхъуэн хуейщ фондыр, абы къыхагъэкІыурэ зэрылажьэ Іэмэпсымэхэр къащэхур, псоми яхузэхуэдэ псэуалъэхэр ирагъэщІыр. КолхозхэтхэмикІ яфІэ хьэлэмэту щытщ уставым къигъэлъагъуэ псоми яхузэхуэдэ фонд псорикІ—жылапхъэ, страховой, яшхыну нэгъуэщІ къинэмыщІхэрикІ—къэтыгъэншу яІэну. А фондхэм амал ямыІэу щытщ ди япэкІэ псоми яхузэхуэдэ хозяйствэм зегъэубгъуныгъэмрэ зегъэкІуэныгъэмрэ икІи артелым и членхэм я псэукІэр егъэфІэкІуа хъуныгъэм щхьэкІэ. Адрей файдэ псорикІ трудоденкІэ ягуэшхэр.

Сельскохозяйственнэ артельхэр иджы зытетым тету псоми яхузэхуэдэ хозяйствэм къыпыкІ файдэхэмкІэ колхозхэтхэр зыхуэныкъуэ псомкІи игъэнщІыфкъым. Абы щхьэкІэ псоми яхузэхуэдэ хозяйствэм нэмыщІу, сельскозяйственнэ артелым и уставым хуит ещІыр, колхозхэтхэм я щхьэки езыхэм я хозяйствэ яІэну. А хозяйствэр—дыІэпыкъуэгъу ин дыдэкъым икІи абы и инагъыр законым къигъэлъагъуэм фІэкІын хуейкъым

Дэтхэнэ колхозхэтми артелым яхузэхуэдэ лэжьыгъэм хилъхьа къарум елъытауэ артелым файдэ къахьахэр абы и членхэм ятегуэшэныгъэр—зи нэхъыщхьэ щымыІэж Іуэхугъуэщ псоми я Іухумрэ колхозхэтхэм я щхьэ Іуэхумрэ зегъэкІуа хъуныгъэмкІэ. Абы и лъабжьу щытыр сталинскэ Конституциям итха социализмэм и принципыращ: „Дэтхэнэ зырикІ зэрылъэкІкІэ мэлажьэр—дэтхэнэ зымикІ къилэжьам хуэдиз лъосыр". Колхозхэтхэм ящыщу нэхъыфІу, нэхъыбэ къэзылэжьым абы нэхъыбэ лъосыр псоми яхузэхуэдэ хозяйствэм щыщу.

Мис аращи, сельскохозяйственнэ артелым и кІуэцІкІэ псорикІ нэрылъагъущ псоми яхузэхуэдэ Іуэхумрэ колхозхэтхэм я щхьэ Іуэхумрэ зэтехуэу щытыныгъэмкІэ. Ауэ тэрэзкъым гугъэ пщІыну, абхуэду а формэхэр зэтегъэхуэныгъэхэм я гъуэгур къэгъуэта щыхъуакІэ, езыхэм абыхэм ехъулІэныгъэр къалъэщыну.

Псоми яхузэхуэдэ хозяйствэр колхоз бын-унагъуэу псэунымкІэ нэхъыщхьэ хъуным щхьэкІэ, амал иІэкъым дэтхэнэ зы колхозхэтрикІ артелым и лэжьыгъэм емыплъыну ар и япэрей къалэным хуэду, махуэ къэсыхункІэ щымылэжьэну, и щхьэ Іуэхур псоми яхузэхуэдэ Іуэхум щигъэзащІэм деж елэжьурэ.

Абхуэду колхозхэт псорикІ псомикІ яхузэхуэдэ Іуэхум зэдыплъхэмэ, зэтегъэхуа мэхъур псоми яхузэхуэдэ Іуэхумрэ колхозхэтхэм я щхьэ Іуэхумрэ, колхозым зеІэтыр, быдэ мэхъур, колхозхэтхэм я псэукІэм йофІакІуэр.

АбыкІэ щапхъэфІу щытщ Алтайскэ крайм и Локтевскэ районым щыщ „Советский путь" колхозыр.

1943 гъэм мы колхозым цІыхухъуу иІэм и нэхъыбэм трудодень 400 дэтхэнэ зымикІ къилэжьащ. КурыткІэ къапщтэмэ цІыхубзхэм дэтхэнэ зыми трудодень 300 къилэжьауэ хозэр. Дэтхэнэ колхозхэтмикІ иІэщ огородикІ, жэмикІ, ауэ ахэр ящхьэ Іуэхум щелэжьхэр псоми яхузэхуэдэ Іуэхухэм къыщыдэхуэхэм дежщ. Псоми абыхэм нэхъ ныІэ хуабжьу зытырагъэтыр артелым и хозяйствэращ. Абы къыхэкІкІэ артелым и чэзум деж егъэзащІэр государствэм ирытын хуеймкІэ планыр, фондышхуэхэр егъэтІылъыр псоми яхузэхуэдэ хозяйствэм зыкъырагъэІэтыным щхьэкІэ икІи трудоденкІэ иратым хагъахъуэр. Абхуэду, колхозым 1940 гъэм къэралым иритащ икІи ирищащ гъавэ центнер мини 4,1-м щІигъу, 1943 зауэ гъэм—цен нер мини 6,2. 1940 гъэм псоми яхузэхуэдэ фондым халъхьащ гъавэ центнер мини 3-м нэс, 1943 гъэм—центнер мини 3,2. 1940 гъэм колхозхэтхэм трудоденкІэ хуагуэшащ гъавэ килограмм 1,2 трудодень къэсыхункІэ хуэзу, 1943 гъэм—килограмм 1,9, абы нэмыщІу ахъшэ соми 3 кІэпІакІэ 52-рэ икІи мэкъумылэ куэдикІ ящхьэзакъуэ жэмхэм щхьэкІэ.

Абхуэдэщи колхозхэм я кІуэцІкІэ псоми яхузэхуэдэ Іуэхумрэ я щхьэ Іуэхумрэ зэдэгъэкІуэныгъэмкІэ нэхъыщхьэу щытыр езыхэм я артельхэм деж яхузэхуэдэ хозяйствэм колхозхэт псорикІ фІагъыр хэлъу лэжьэныгъэращ Я артельнэ хозяйствэм колхозхэтхэм нэхъ къару нэхъыбэ халъхьэу щытмэ, колхозым нэхъ егъэнщІыр колхозхэтхэр зыхуэныкъуэр. Артелым и хозяйствэм дэтхэнэ колхозхэтрикІ хэлэжьыхьыныгъэр амал зимыІэщ.

ИщхьэкІэ зэрыжытІам хуэду колхозхэтхэм яІэ хозяйствэр дыІэпыкъуэгъу къу къудейуэ аращ. Ауэ абы къикІкъым ар щымыгъыІэхэн хуейуэ. Псоми яхузэхуэдэ хозяйствэ инрэ колхозхэтым мы индыду хозяйствэ цІыкІу иІэныгъэмрэ— иджырей колхоз псэукІэм и зы Іуэхугъуэщ. Зауэм зэрыщІадзэ лъандэрэ колхоз руководитель гуэрхэм пщІэ хуамыщІу къыщІэкІащ колхозхэтхэм я щхьэкІэ ябгъэдэлъ хозяйствэм.

Абхуэду гугъэныгъэр щыуэныгъэщ икІи зэран мэхъур. Сыт щыгъуикІ зыщыгъэгъупщэн хуейкъым товарищ Сталин и псалъэхэр, колхозхэм я руководительхэм яхуэгъэзауэ: „Фэ иджырикІ къывэлейкІыжу гъавэр фимыІэмэ икІи фэ колхозхэт щхьэхуэхэм, абыхэм я бынхэм зыхуеину псорикІ явмытыфу щытмэ, — жиІащ товарищ Сталин,—абы щыгъуэм колхозым ищтэфынукъым псорикІ, щхьэзакъуэ къэсыхункІэ зыхуэныкъуэ псорикІ игъэнщІыну. Абы щыгъуэм занщІу жыІэн хуейщ, лэжьыгъэми мыбхуэдэр областыр—общественнэщ, мыбхуэдэр—щхьэІуэхущ жэуэ. Абы нэхърэ нэхъыфІщ занщІу, щэху хэмылъу, пэжу колхозхэтхэм мы индыду я хозяйствэ ягъэІэныгъэр щыгъыІэныгъэр... фэ хуитыныгъэ фиІэкъым колхозхэтхэм я унагъуэ кІуэцІ псэукІэм гулъытэ хувимыІэну".

(КІэ ІэлкІуэм къэкІуэну № епль)

Западнэ Европэм щекІуэкІ зэуэр

ЛОНДОН, сентябрым и 21-м. (ТАСС). Неймеген районым деж, щІым щизауэхэмрэ авиадесантнэ дзэхэмрэ здызэхыхьэжахэм, зауэ хьэлъэ щокІуэкІыр. КъыздырагъэтІысэхам нэхъ зырагъэубъгуахэщ; авиадесантнэ часть къырагъэтІысэхахэм зыхуэныкъуэхэр къаІэщІохьэхэр.

Бельгиям деж союзнэ дзэхэр Леопальд каналым деж ехъулІэныгъэшхуэхэр къалъэщащ, Антверпен и къухьэпІаІуэкІэ.

Сентябрым и 20-м бомбардировщик хьэлъэхэр хуабжьу теуахэщ германскэ гарнизоным, Кале щыІэ бийм и гъэбыдапІэ позицияхэм.

Южнэ Голландиям деж щІым щызауэ союзникхэм я дзэхэр германскэ границэм зэпырыкІахэщ. Адрей пунктхэм деж зауэ гуащІэ щокІуэкІыр, псом хуэмыдэжу Штольберг деж (Аахен и къуэкІыпІаІуэкІэ), город Дикирх и къуэкІыпІаІуэкІэ (Люксембург).

Мозель псым и аузым деж, Мец и ипщаІуэкІэ, союзникхэм я дзэхэм бийм зигъэнэныгъэ гуащІэ къищІым І щІахэщ.

Луара псым ипщаІуэкІэ плену зыкъатахэщ немец 19.312 генерал Эмстер и командованиекІэ.

ЛОНДОН, сентябрым и 21-м (ТАСС). Адриатическэ фронтым и участкэм деж зауэ гуащІэ щокІуэкІыр. Махуэ псом и кІуэцІкІэ зауэ хьэлъэхэр ирагъэкІъэкІа нэужькІэ, 5 рей американскэ армиям и частхэм „Готскэ линиям" и пхытхъыныгъэм нэхъ ин зырагъэщІахэщ икІи город Фиренцуол гъунэгъу хуэхъуахэщ.

Дыгъуасэ бомбардировщик хьэлъэ соединение ин истребительхэрикІ я гъусэхэу теуащ Венгриям и гъущІгъуэгухэмрэ Чехословакиям и военнэ объектхэмрэ. БомбэкІэ еуащ сортировочнэ станц Хатван, Дьер, Будапешт и гъущІгъуэгу лъамыжым, Малаки щыІэ аэродромхэм.

Адрей соединениехэр теуащ бийм и военнэ объектхэу Югославиям, Грециям щыІэхэм, зауэ здекІуэкІ щІыпІэхэм.

Союзникхэм я флотыр гуащІэу еуащ Порто Матрицио Италиям деж, Крит островым и гавань Кония. Абыхэм зэраныгъэшхуэ ирахахэщ.

ЛОНДОН, сентябрым (ТАСС). Союзникхэм ... хэр Неймеген кІуэцІыр... ри ищхъэрэмкІэ кІуэ... бийм и зигъэнэныгъэ ху... хэр зэпащІкІэрэ. Союз... я бронетанковэ къ... „Неймеген лъамыжыр ... тэкІэрэ, авиадесантнэ ... ягъусэу Вааль псым и ... рэ Іуфэм икІахэщ икІи ... рэкІэ кІуэтэныгъыр ... кІуэкІахэщ. Город Нейм... бийм къыІэщІагъэкІыжа...

Клин нэхъыщхьэу, ... здэщыІэм союзникхэм ... хэм ящІахэр, Эйндгофе... лъэныкъуитІымкІи зыр... убгъуащ Союзнэ дзэхэр ... мерен нэсахэщ, къуэкІы... мкІэ щыІэм, абы и къ... пІаІуэкІэ щыІэ район Вин... ро деж зауэ щырагъэ... кІыр.

Шельды псым къызд... зэ районым деж союз... хэм къащтащ Тернезен ... канал Леопольди. и ... псыІуфэм деж бийм ... щІыр къыІэщІагъэкІыж... гъэр ирагъэкІуэкІыр.

Дзэхэу, Южнэ Голланд... къикІхэу Германиям и гр... цэм зэпырыкІахэр, Гейлен... хен мили 3-кІэ хуэкІуэта... Штольберг-Бюзбах райо... деж, Аахен и къуэкІыпІа... кІэ, союзнэ дзэхэм бийм ... иІыгъхэр къыІэщІагъэкІы... ныгъэр ирагъэкІуэкІхэр ... Штольберг деж урам ... щырагъэкІуэкІхэр.

Сентябрым и 21-м бомб... дировщик ику итхэр Эр... Герольштейн, Пронсфе... (Германиям) и гъущІгъ... станцхэм теуащ.

ЛОНДОН, сентябрым и 2... (ТАСС). Союзникхэм я дз... къащтащ Римини. А горо... къэщтэныгъэм мыхьэнэш... иІэщ, сыту жыпІэмэ ар ... псым и ауз дыхьэпІэ... щыІэщ.

5-рей американскэ арм... къащтащ гъуэгу зэхыхь... мыхьэнэшхуэ зиІэ Фирен... ла, Аппенин и ищхъэрэ-къ... кІыпІэ лъэныкъуэм щыІэщ.

Бомбардировщик хьэ... соединениехэр дыгъуасэ би... и коммуникация Венгри... Югославиям щыІэхэм теу...

Союзникхэм я авиац... быхэм хуэдэ къабзу Греци... Албаниям щызэуащ.

Финляндиям дипломатическэ зэхущытыкІэу Венгриям, Хорватиям, Словакиям хуиІахэр зэпиудыныгъэмкІэ

СТОКГОЛЬМ, сентябрым и 21-м. (ТАСС). Хельсинскэ радиом къыригъэхьащ, Финляндиям дипломатическэ зэхущытыкІэу Венгриям, Хорватиям, Словакиям хуиІахэр зэпиудауэ.

Ответ. редактор М. САКИЕВ.

Удэ Іэзэгъуэ къэзыщып колхозхэ, колхозхэтхэ!

Черкесскэ областым и аптекэ псомикІ щІадэащ удэ Іэзэгъуэ къызэхуахьэсыным икІи колхозхэм къызэхуахьэса удэ Іэзэгъуэхэр къыІэхыныгъэм. Удэ Іэзэгъуэ къезыхьэлІэхэм къыщырахьэлІа сыхьэтым деж и уасэр иратыр. СССР-м и Совнаркомым и постановлениемрэ Наркомзаготовкэм и приказымрэ я пкъ иткІэ колхозхэм, колхозхэтхэм щхьэзакъуэ унагъуэхэм къат удэ Іэзэгъуэр (хьэцыбанэр) госпоставкыу ят кІэртІофым е нэгъуэщІ хадэхэкІхэм пагъэувыр: хьэцыбанэ гъэгъуауэ зы килограмым кІэртІоф е нэгъуэщІ хадэхэкІхэу килограмми 8 пагъэувыр. Хьэцыбанэ зытхэм хуемэ нэгъуэщІ хьэпшыпкІи и уасэр иратыр.

Областной аптека.

БУ 00256 Редакциям и адресыр: г. Черкесск, Дом Советов, комната № 54

Черкесске областым и государственнэ типография